Mete Nan Tonm Lan

Papa beni ki nan Syèl la, ak Prezans Sentespri a—a deja isi a, nou apwoche Pawòl Sen Ou. Epi byenke avèk yon move vwa m ap eseye kontwole tèt mwen, epi pwononse mo yo osi dousman e kalm ke posib, Mwen mande pou gidans Divin Ou ak onksyon Sentespri a pou bouje nan mitan nou aswè a. E ke Sila Ki omniprezan an, ke Li pran Pawòl Bondye a epi bay Li nan chak kè, jis jan nou bezwen an. Ke Li nouri nou aswè a, ak bon bagay Bondye yo.

2 E aswè a, pandan n ap pale de Pawòl la, se pou kè nou plonje plizyè kilomèt nan Kalvè a, kote Jezi te peye pri ki sifi nèt sa a ki te egzije pa gran jijman Bondye yo, depi nan jaden Edenn lan. E jodi a ke nou reyalize ke nou jistifye gratis pa rezirèksyon Li, e pa lanmò Li, antèman Li, ak rezirèksyon Li.

3 E aswè a nou pa pou lemonn ankò, paske nou te rachte ak pri San presye Pitit Bondye a. Epi se pou nou, avèk kè rekonesan, tounen vin jwenn ou aswè a, avèk tout panse nou ak tout fòs ki nan nou, epi sèvi W ak yon kè pi, ki san melanj.

4 Akòde aswè a, Papa, si ta gen kèk isi a ki pa konnen W, nan padon peche yo, ke yo vini ak imilite sou kwa a aswè a, epi konfese peche yo bay Bondye ki jis la, pou padonnen. E ke sa kapab yon gran sware pou nou tout. Nou mande l nan Non Pitit Ou a, Seyè Jezi a. Amèn.

5 Kounye a nou reyalize ke pa gen pèsonn, sou tè a, ki kapab ase pou l pran Pawòl Bondye a epi revele Li, paske Pawòl la ekri pa enspirasyon. Se Sentespri a ki Otè Pawòl la.

6 E lè yo te chache youn, nan Syèl la, pou pran Liv la epi brize So yo, pat gen pèsonn yo te jwenn nan Syèl la, ni sou tè a, ni anba tè a, ki te diy pou brize So yo, oswa menm pou gade Liv la. E te gen yon Ayo La a ki te sakrifye depi fondasyon mond lan, e Li te vini epi Li te pran Liv la nan men Sila ki te chita sou Twòn lan, epi Li te brize So yo epi Li te louvri Pawòl la.

7 E nou kwè aswè a epi nou gen konfyans nan Li, ke Li va louvri Pawòl la pou nou, e kounye a antan m ap li nan chapit 2 nan Ak.

8 Kòm mwen te anonse, premye sware a se te *Dezyèm Vini An*, e . . . de Seyè Jezi a, se te mèkredi. E jedi swa se te sou *Sakrifis Ki Sifi Nèt La*. Epi vandredi swa se te sou *Ekspiyasyon Ki Sifi Nèt La; Sa Ki Pafè A*. Èske nou te konprann li yè swa? *Sa Ki Pafè A*, kijan nou ka absoliman san repwòch epi pafè nan je Bondye! E aswè a se sou *Mete Nan Tonm Lan*. E demen, *Rezirèksyon An*. Jis menm jan jou yo swiv youn lòt.

9 Kounye a mwen chwazi aswè a, pou lekti Lekriti mwen an, nan Liv Ak, chapit 2 ak vèsè 25, 26, ak 27, enkli. Epi Li li konsa, se Pyè k ap pale.

> David, *paske David* te pale *konsènan li: Mwen te toujou wè Seyè a devan je m, paske li bò kote m, pou m pa brannen:*
>
> *Se poutèt sa kè m nan lajwa, lang mwen kontan anpil. Chè m ap repoze ak espwa.*
>
> *Paske ou p* ap *kite nanm mwen nan lanfè, ni ou p* ap *kite Sen w lan wè koripsyon.*

10 Ala yon bèl pasaj pou itilize aswè a, pou prezante kontèks la sou Li ki te nan tonm lan.

11 Premye bagay nou swete gade. . . atire atansyon nou sou li, se Pawòl Bondye a ki enfayib. Bondye kenbe Pawòl Li, alalèt. E aswè a nou vle fikse panse nou sou sa, ke Bondye kenbe Pawòl Li. Nou ka poze ak asirans ke nenpòt bagay ke Bondye di nan Pawòl Li, se Laverite. E lafwa pa repoze sou sab k ap bouje lide lòm oswa teyoloji lòm, men li gen plas final repo li sou Wòch Pawòl Etènèl Bondye a ki pa ka bouje.

12 Pawòl la! Si Bondye di l, sa se Laverite pou tout tan. Li pa janm ka repran l epi di: "Se pa sa Mwen te vle di." Mwen ka di dè bagay e ou ka di dè bagay, alò nou gen tandans pou n oblije repran li, paske nou te di l ak pi bon konesans nou e ak pi bon kapasite nou. Men, alò, Bondye sitèlman diferan de nou. Li enfini, se poutèt sa Li pa di yon sèl bagay amwenske sa pafè absoliman. Li pa janm oblije repran l, pa janm oblije eskize L pou sa Li te di. Sa toujou rete Verite a.

13 Menm pou Jezi, nan gwo jou selebrasyon sa yo nou ye a, lè Bondye te vrèman sakrifye Pitit Li a pou peche mond lan, se te petèt plizyè milye lane anvan menm fondasyon an te janm poze. Bondye te pwononse Pawòl la, e Se yon pwodwi fini nan Syèl la lè Bondye pwononse l; se deja fini. O, si nou te ka sèlman konprann sa sa vle di, ala moun diferan nou t ap ye! Pou wè nan Liv Li yo, jijman yo ki plase isi a pou dezobeyisan yo, sa t ap fè yon nonm egzamine tèt li, lè apre lè; e sa t ap fè moun jis yo rejwi, lè apre lè, pou yo li benediksyon ke Bondye te pwomèt fidèl yo. E nou ka poze ak asirans ke chak Pawòl va akonpli, jis ankre nanm nou sou li. Sa te toujou konsa.

14 Lè Bondye te pale ak Noye, byen lontan nan mond anvan delij la; petèt menm anvan yon Bib te janm ekri, oswa Bib sa a, nenpòt fason, te janm ekri; Bondye te di Noye ke yon tanpèt t ap vini, e dlo yo ta pral kouvri tè a. E san yon tikras prèv ke sa t ap rive, tout bagay trè kontrè, Noye te aji ak krentif, e li te bati lach la, li te prepare l. Se te pou sove fanmi li ak tèt li. Bondye pa t janm lage l, paske se te Pawòl Li. Sa te dwe rive lè Bondye te di sa ta pral rive.

15 Kounye a, lè Jòb, Liv ki pi ansyen nan Bib la, ki te ekri petèt anvan Jenèz te ekri, e li te enkli nan Bib la. E se Moyiz ki te ekri Jenèz la. Jòb, nan Liv li a, li te repoze solanèlman sou pwomès Bondye te fè l la. E li te kanpe bò ofrann boule l la, san yon perèz nan kè l; nan konnen ke, sa Bondye te di a, Bondye te kapab akonpli l. E lè tout bagay te sanble ale kontrè, Jòb te kanpe fèm paske pwomès Bondye a te fèm. Bondye te pwomèt Jòb, e Jòb te repoze sou pwomès sa.

16 O, si legliz te ka janm rive nan plas sa kote li te ka repoze solanèlman sou Pawòl Etènèl Bondye a kòm etan Laverite! Ala yon diferans ki t ap genyen, ala yon koreksyon ki t ap genyen, ala yon koupe rache ki t ap genyen, ala yon lajwa ki t ap genyen, ala yon pwisans ki t ap genyen, lè gason ak fanm ta pran Bondye alalèt, sa Li te di se Laverite. Kèlkeswa sa sikonstans yo sanble, sa pa gen anyen pou wè ak sa. Se Bondye ki di sa; sa regle kesyon an!

17 E Jòb, lè l te nan moman ki pi epwouvan nan tout eksperyans li; alòske yo te jwenn li, nan Prezans Bondye, yon nonm jis. Menm Bondye te di li te pafè. Pa t gen pèsonn tankou l sou tè a. E yo te bay Satan privilèj pou l tante l, li te di: "M ap fè l modi W nan figi W."

18 E li te prèske pran lavi Jòb, e li t ap fè l, men Bondye te trase yon liy limit, Li te di: "Ou ka fè l nenpòt bagay, men pa pran lavi l."

19 Alò lè Jòb te rive nan moman krisyal tantasyon an menm, li te di: "Mwen konnen Redanmtè m lan vivan, e nan dènye jou yo L ap kanpe sou tè a. Menm si vè po m yo detwi kò sa, poutan nan chè m mwen va wè Bondye." Kèlkeswa jan sa te parèt nwa, e jan sa te parèt li pa reyèl, te gen yon bagay ke Jòb te ankre nanm li sou li, pwomès Etènèl Bondye a. O, si nou te ka sèlman fè sa! Remake, li te repoze sou pwomès la: "Mwen konnen Redanmtè m lan vivan."

20 E mwen vle nou remake, pou pawòl pi devan mwen swete di, Jòb te presize kote pou antere l la. E lè Jòb te mouri, se la yo te antere l.

21 Te gen yon lòt nonm, ki te rele Abraham, ki te pran Bondye sou Pawòl Li. E li te kwè Bondye. E li te rele bagay sa yo ki te kontrè ak pwomès Bondye te ba li a, kòm si yo pa t egziste. Li te pran Bondye sou Pawòl Li. E lè jou yo te pase, e semèn yo ak mwa yo, e menm ane yo te pase, sa pa t janm twouble Abraham yon ti kras. Bib la di: "Li pa t doute, akoz enkredilite, devan pwomès Bondye a; men li te fidèl, ap bay Bondye lwanj."

22 Lè tout bagay te sanble, chak jou, li tou senpleman te vin pi difisil chak jou; men olye pou l vin pi fèb, Jòb te vin pi fò chak jou. O, ala yon asirans beni nou genyen! Lè difikilte sanble ap monte pou fè bagay la, ke Bondye te pwomèt la, yon enposibilite, olye pou nou fè kapon, tounen nan mond lan, nou ta dwe kanpe pi

fèm pase nou te janm kanpe, sou ENSI DI SEYÈ A. Sa ta dwe regle kesyon an, lè Bondye di yon bagay.

23 E Abraham te rele bagay sa yo ki te la, kòm si yo pat la, paske yo te kontrè ak Pawòl la. E lè Abraham te pèdi cheri li ak madanm li, Sarah, apre plizyè lane ap viv ansanm, li te achte yon pòsyon tè toupre plas kote Jòb te antere a, epi li te antere Sarah. Nou mande nou poukisa? Yo te pwofèt! Yo te wè sa! Yo te kontakte Bondye! E kounye a lè Abraham te mouri, yo te antere l avèk Sara.

24 Bon, li pa t vle kanmarad sa yo te ba l pòsyon tè sa. Li te achte l, devan temwen. Ala yon bèl tip batèm. Li te achte l, devan temwen, ke se te posesyon l. O, se fason sa yon vrè kwayan ta dwe vini, pa glise nan yon kwen, men kanpe devan temwen yo: "Mwen se yon temwen Seyè Jezi, ak Sentespri a, ak gwo zèv Li yo," ak sitèlman plis ankò antan nou wè move jou sa a ap apwoche.

25 Epi lè pitit gason Abraham lan, ki te Izarak, yo te dwe ba li pwomès la. E lè Izarak te mouri, yo te antere l avèk Abraham. Epi Izarak te fè Jakòb.

26 E lè Jakòb te . . . te mouri byen lwen nan peyi Lejip. Men remake, anvan l te mouri, li te di pitit gason pwofèt li a, Joseph: "Vin isi a, pitit gason m, epi mete men w sou anch enfim mwen an." Paske sonje kijan li te vin enfim, se paske Zanj Seyè a te touche anch li, e li te bwete depi jou sa. Li di: "Poze men w sou anch mwen, epi fè m sèman pa Bondye zansèt nou yo, ke ou p ap antere m isi a nan peyi Lejip." Poukisa? O, yo te gen Pawòl la, yo te gen revelasyon an!

27 Epi kite m rete la, pou m di ke legliz Bondye vivan an bati sou revelasyon Diven; pa sou denominasyon, òganizasyon, pa sou kredo oswa doktrin, men sou Verite espirityèl revele Bondye vivan an.

28 Abèl, nan jaden Edenn lan, te genyen l lè legliz la te kòmanse. Kijan l te fè konnen pou l mennen yon ayo? Poukisa li pat pote fwi tankou Kayen te fè l? Men sa te revele ba li!

29 Jezi t ap pale yon fwa, te di: "Kilès lòm di Mwen Fis de lòm lan ye?"

"Gen kèk ki di Ou se 'Moyiz,' ak 'Eli,' elatriye."

Li di: "Men Kilès nou di Mwen ye?"

30 Ou wè, sa pa depann de sa yon lòt moun panse, se sa ou konnen ki se Laverite. "Kisa *ou* di?" Kesyon sa t ap rankontre nou chak nan figi aswè a: "Kisa ou di?"

31 Epi Pyè te pran lapawòl byen vit, san yon sèl ezitasyon, li di: "Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an."

32 Tankou Jezi Ki te konn sekrè tout kè yo, paske Li pat okenn lòt ke Jewova manifeste nan lachè, e Li te di: "Ou beni, Simon, pitit Jonas la, paske se pa chè ak san ki revele w sa, men se Papa

M ki nan Syèl la ki fè sa. E sou wòch sa M ap bati Legliz Mwen, e pòtay lanfè yo pa ka domine sou Li."

33 Epi nou menm lè nou rive nan pwen sa a, nou menm Literyen yo, nou vle mache pa lafwa, nou menm Metodis yo, nou vle rele byen fò pou jwenn Li, nou menm Pannkotis yo vle pale an lang pou jwenn Li, men tout bagay sa yo a dis milyon kilomèt de Sa.

34 Se yon revelasyon Diven de Seyè Jezikri a, Pèsonalite Èt Li a ki manifeste nan kè a, "Sou wòch sa a M ap bati Legliz Mwen an, e pòtay lanfè yo p ap domine sou Li." Li mache pafètman ak Matye :24, 5:24, oswa, Sen Jan 5:24, "Sila ki tande Pawòl Mwen yo, e ki kwè nan Sila ki voye M lan, gen Lavi etènèl; e li p ap janm vin nan jijman, men li pase de lanmò a Lavi." Se pa akoz yon mouvman w te fè, yon emosyon w te genyen, men paske ou te gen privilèj pou Kris te revele ba ou sot nan Syèl la, "Sou wòch sa M ap bati Legliz Mwen an."

35 Epi, Jakòb, lè l te mouri, pitit gason l lan te pote kò l ale, e li te antere avèk Abraham, Izarak, Sara, ak Jòb, nan Tè Sen yo, nan Palestin.

36 Alò, Jozèf, ki te yon pwofèt. Li te pwospere laba nan peyi Lejip. Li te konnen Bondye. Bondye te revele Tèt Li ba li. Epi lè l te mouri, li te di: "Piga nou antere zo m yo isi a, men mete . . . lè . . . Yon jou Bondye va vizite nou sèten!" Poukisa? Li te repoze solanèlman sou Pawòl Bondye te bay Moyiz la: "Yo va sèvi nasyon sa katsan lane, men M ap fè yo soti." Li te repoze solanèlman sou Pawòl la.

37 E ala yon bèl egzanp isi a, si nou remake. Chak Ebre k ap pase, ak do l krabinen, anba men siveyan esklav yo. E lè l te gade zo pwofèt li a, Joseph, li te konnen yon jou yo ta pral soti. Paske, zo sa yo yo te kite yo la pou yon souvni, ke yon jou yo ta pral soti.

38 Sa gen anviwon kenz ou dizwit ane lè Billy Paul, yon ti gason ki te gen apeprè senk an, pa tèlman . . . Nou te gen yon ti flè nou t ap mennen nan tonm manman l, nan douvanjou yon maten, yon jou Pak, jis pandan solèy la t ap leve, li te fèk ap parèt; oswa jis anvan l jou, li te ye, apre sa pou al nan sèvis la. E pandan nou t ap mache al bò tonm nan, ti bononm lan te retire chapo l pandan nou t ap apwoche bò kote ti sè l ak manman l te antere a. Epi li te kòmanse sanglote epi kriye, epi li di: "Papa, èske manmi anba la nan twou sa?"

39 Mwen di: "Non, pitit gason m. Li pa anba la nan twou sa. Li yon milyon fwa pi byen pase ou menm avè m."

Li di: "Èske m ap wè manmi ankò?"

40 Mwen di: "Pa gras Bondye, si w dezire l, ou ka wè l ankò."

Li di: "Èske kò l ap janm soti nan tonm sa?"

41 Mwen di: "Cheri, fèmen je w, e m ap rakonte w yon ti istwa. Sa fè plizyè santèn lane, jou maten sa, te gen yon tonm ki te rete vid." Mwen di: "Se yon souvni pou 'sa yo k ap dòmi nan

Bondye ke Kris pral mennen avè L lè L vini.'" San lonbraj yon dout, mwen repoze solanèlman sou pwomès Etènèl Bondye a!

42 Tankou Jòb nan tan lontan, lè nou tande ke "sann retounen nan sann, epi pousyè nan pousyè," sa fè m sonje Longfellow, ki te di:

> Pa di m, nan son mizik ki gen lapenn,
> Lavi se jis yon rèv ki vid!
> E nanm k ap dòmi an mouri,
> E bagay yo pa sa yo sanble.

Li di:

> Wi, lavi a reyèl! Lavi a serye!
> E tonm lan se pa objektif li;
> Paske ou se pousyè, w ap retounen nan pousyè,
> Sa pat pale de nanm lan.

43 Yo rele l yon teyofani, ke lè nou kite isi a nou ale yon lòt kote. Kèlkeswa sa l ka ye a, mwen pran Pawòl apot la, lè l te di: "Si tabènak terès sa a oswa kote pou rete sa a te detwi, nou gen youn ki deja ap tann, pou n deplase soti nan *sila a* al nan Sa."

44 Abraham, Izarak, Jakòb, Jòb, tout pwofèt yo, yo te gen konfyans epi te kwè ke gen yon rezirèksyon ki t ap vini, ke Redanmtè a t ap vini. Yo te pwofetize sou Li. Enòk te pwofetize sou Li; li te repoze solanèlman, li te sele temwayaj li avèk sa. Izarak, Jakòb, Danyèl, Jeremi, Ezekyèl, yo te repoze solanèlman sou lefèt ke Mesi a gen pou vini yon jou.

45 Epi yo te mouri e nanm yo te ale nan Paradi. Yo pat ka ale nan Prezans Bondye, paske (nou te wè sa yè swa) san towo yo ak kabrit yo pat ka padonnen peche; li te sèlman kouvri peche, sa ki te anonse jou vini Sakrifis pafè a; paske san nan bèt la pat ka retounen al jwenn adoratè a, paske lè sa li pa t ap sispann ofri kalite sakrifis sa yo.

46 Men lè Pitit Bondye a te mouri, Lavi ki te nan Li a pa t okenn lòt ke Bondye, ki te retounen epi adopte nou nan fanmi Bondye. E kounye a nou se pitit Bondye, Lavi ki soti nan San Li.

47 Kounye a remake byen vit, pandan n ap swiv. Anfèt nan Ansyen Testaman an, moun ki te kwè epi ki te adore, yo te mouri nan Lafwa, ap tann moman sa a, rezon ki fè pwofèt sa yo te fè sa, e yo te vle antere nan Palestin, yo te konnen ke rezirèksyon an pa t ap fèt an Ejip. Li ta pral fèt nan Palestin, sèlman.

48 Se poutèt sa mwen di aswè a: Mwen gen tout kalite non; sa pa gade m kisa moun yo rele m, sa pa vle di anyen pou mwen. Sèl bagay ke m vle fè, se konnen sa: ke m te mouri, e lavi m kache nan Kris, atravè Bondye, epi sele pa Sentespri a; alò lè Li rele m soti nan mitan mò yo, m ap reponn jou sa. Antere m nan Kris, paske sila yo ki nan Kris Bondye va mennen yo avè L nan jou sa.

49 Kijan nou ka antre nan Kris? En Korentyen 12:13, "Pa yon sèl Lespri nou tout batize nan yon sèl Kò, e nou vin konsitwayen

Wayòm Bondye a." Nou deklare nou se pèlren epi etranje sou tè sa, nou p ap chache bagay monden sa yo ankò, men n ap tann vini Wa beni an pou pran kontwòl domèn lan, sot nan yon lanmè rive nan yon lanmè san limit, lè Li vini nan glwa Li. Sètènman, n ap tann Vini Li.

50 E alò pa gen dout nan lespri m, men se sa Jezi te gen nan lespri L lè Li te isi a sou tè a, se te enfayibilite sa nan Pawòl Etènèl Bondye a. Paske, nou konnen ke nan Li plenitid Kò Divinite a te abite. Divinite a an antye te nan Li. Li te alafwa Papa, Pitit, ak Sentespri, men te abite nan yon fòm imen; teyofani Bondye a, gwo imaj Bondye a ke Li te fè lòm ladann, epi te mete l sou tè a. Li te gen yon kò. Bondye pa san yon kò. Bondye gen yon kò, e li sanble ak yon nonm. Moyiz te wè l, lòt moun te wè l, e li sanble ak yon nonm.

51 E se jis yon reflè, *sila*, de sa Sa ye. E tout bagay sou tè a, bote a, dousè a, bote tè a se pa anyen lòt nan mond lan ke yon repons pou yon pi bon pase sa, ki ap tann nou lè nou kite mond sa, paske tout bagay sou tè a se jis yon modèl de sa ki nan Syèl la. Tout bagay ki bon, tout bagay ki jis, tout bagay ki bèl, pye bwa yo, zwazo yo, tout bagay, se jis yon modèl de sa ki nan Syèl la.

52 Pwòp lavi nou se jis yon modèl, se jis yon lonbraj e se pa bagay reyèl la, se bò negatif la, sa pran lanmò pou devlope foto a pou mete nou tounen nan teyofani nou soti a, apre sa nan rezirèksyon an nou vini nan resanblans Li, yon kò resisite. Ala yon bèl, pa sèlman bèl, men se verite reyèl, solanèl Pawòl Etènèl Bondye a ke nou pral tankou Li!

53 Remake kounye a, Jezi, ki te envesti ak tout pouvwa Bondye yo, men lè L te rankontre Satan Li pa t janm itilize okenn nan pouvwa Li yo, Li sèlman te refere a Pawòl la! Li te fè sa. Li di: "Men sa ki ekri: 'Lòm p ap viv ak pen sèlman, men pa tout Pawòl ki soti nan bouch Bondye.'"

54 Alò kijan ou ka di ou ka rete lakay ou epi ou ka jis yon bon Kretyen menm jan ou t ap ye nan legliz? Ou pa ka fè sa. Li Pawòl la! Sentespri a nouri ak Pawòl la. Bib la se Rejim espirityèl Bondye pou Legliz Li a. E Sentespri a se Sila Ki pote Li ba ou epi mete Li nan kè a, epi ak aksyongras ou wouze Li. E chak pwomès Divin pral pwodwi jis egzakteman sa Bondye te di li t ap fè. Li dwe fè l, Se Pawòl Li, e Li se Lavi.

55 Kounye a, mwen te bliye ke m te jis sipoze gen yon demi èdtan. Sa pran m tèlman lontan pou m rive nan sa m vle di a.

56 Men remake Jezi nan dènye èdtan an, oswa de, nan lavi L, anpil, anpil pwofesi te akonpli.

57 Yon moun te di m: "Frè Branham, *sesi* dwe rive, e *sela* dwe rive."

Mwen di: "Sa te ka rive nan inèdtan."

58 Si nou li Sòm 22 a, epi gade lè lanmò Li sou kwa a, m jis bliye kounye a konbyen pwofesi remakab ki te akonpli nan de oswa twa dènye èdtan nan lavi L! Sètènman, "Yo te pèse pye M ak men M. Bondye M lan, Bondye M lan, poukisa Ou abandone M?" e latriye, jan David te kriye a.

59 Epi yon lòt bagay mwen vle nou remake, Laverite, pati enfayib Pawòl Bondye a. Bib la di: "Li kenbe tout zo Li, pa gen youn nan yo ki kase." Paske nan tip la, ayo paskal la se te yon tip de sa. Ayo a dwe san yon defo, okenn zo kase pa dwe nan ayo a. Epi nan lè a lè Li te. . . Li te mouri, yo te apwoche pou kase janm Li ak yon mato. E jis anvan. . . Gade moman trè kritik sa a! Nonm lan ak mato a, pare pou frape janm Li, men Pawòl Bondye a te di: "P ap gen yon sèl zo ki kase nan kò L."

"Kijan sa pral rive?" Nou prese.

60 Pawòl Bondye a Etènèl! Si Pawòl Bondye a pafè konsa, sila yo ki nan Kris jis sèten yo pral resisite menm jan gen yon rezirèksyon. Bondye jis gen otan obligasyon anvè Pawòl Li, pou geri w, menm jan Li genyen pou sove w. Paske, Li, se Pawòl Li ki te pwomèt li. Se Pawòl Bondye a, e nou pa gen okenn dwa pou nou retire anyen nan Li. Men jis di: "Se Laverite." Kwè Li! Kèlkeswa sa k rive, kwè Li, kanmenm. Se fason sa a rès yo te dwe kwè Li, e nou pa ekskli de sa. Bondye te bay Izrayèl Palestin, men yo te dwe goumen pou chak pous tè yo te genyen. Pwomès la se pou ou, men ou dwe goumen pou chak pous ou reklame; dyab la pral asire l de sa, sètènman l ap fè sa.

61 Men remake lè yo te pare pou kase janm Seyè Jezi nou an, si mato sa te frape janm lan epi kase l, Bondye t ap nan lerè. Men pat gen ase demon nan tout touman fènwa a pou kite mato sa frape kò presye sa. Paske David, uisan lane anvan lè sa, te di: "P ap gen yon sèl zo ki kase nan kò L." Pawòl Bondye a dwe demere Laverite.

62 Men kisa yo te fè lè sa a? Yo te pran yon lans epi yo te foure li nan bò kòt Li, epi San ak dlo te soti, pou akonpli sa Bib la te di: "Yo te pèse men M ak bò kòt Mwen." Pawòl la te akonpli.

63 Bon lè Li t ap mouri, o, ala yon lè tèrib! Mwen panse a chante sa, e, onètman, li jis fè m santi m mal anpil, lè m panse a chante sa ke powèt la te ekri plizyè lane de sa:

> Pandan wòch yo t ap fann epi syèl la te vin fè nwa,
> Sovè m lan te bese tèt Li epi Li te mouri;
> Vwal ki te dechire a te revele chimen an
> Ki mennen nan lajwa Syèl la ak jounen san fen an.

64 E lè Li te pandye la, ap senyen epi ap mouri, lè Li te bese tèt Li, solèy la te tèlman vin wont tèt li, lè l te gade anba vè kreyati mòtèl ke Bondye te kreye dapre imaj Li, ke L te dwe peye yon pri konsa pou rachte l, solèy la te refize gade anba sou tè a nan lè

sa. Lalin lan te tèlman jennen jouk li te retire kò l nan plas li. E zetwal yo te vire do yo bay tè a. Ala yon bagay terib peche dwe ye! Ala Bondye te dwe trete ak sa!

65 Epi pou wè prèt sa yo k ap pase l nan betiz, pandan krache t ap koule sou figi l. Yon nonm te frape L nan tèt, ak yon wozo, epi li te di: "Si Ou se yon Pwofèt, di nou kiyès ki frape W." Youn nan yo te rache bab la nan figi L, epi li te frape L nan figi, epi li te vle L defann tèt Li.

66 Li di: "Si Wayòm Mwen an te nan mond sa a, Mwen ta rele Papa M touswit, Li ta voye douz lejyon Zanj pou Mwen."

67 Sa te ka chanje, men kijan L te ka fè sa? Li jis pa t ka fè sa, paske se te pwòp pitit Li yo ki t ap kriye pou reklame San Li. Èske nou te ka imajine yon papi, yon papa, ak pwòp pitit li yo (nan fènwa) k ap kriye pou reklame san pwòp papa yo? Se pou rezon sa Li pa t ka fè anyen lòt ke mouri. Si Li pat fè sa, se te kondanasyon pou pitit Li yo, se te kondanasyon pou kreyati yo. Men Li te dwe mouri, pou sove pèp Li a.

68 E lè Li te fè sa, lè Li te koube tèt Li, vye tè sa a te gen yon frison ki kouri sou do l. Li dwe te fè yon kriz nè, paske Bib la di ke "tout tè a, depi sizyèm lè a jiska nevyèm lè a, te fè nwa, sa te kouvri tout sifas tè a." Epi tè a te tranble, epi wòch yo te fann. Epi vwal tanp lan te chire depi anwo jouk anba; blòk sakrifis yo te chavire. Pitit Bondye vivan an te mouri. Li te tèlman mouri jouk solèy la te rekonèt li. Li te tèlman mouri jouk lalin lan te rekonèt li. Li te tèlman mouri jouk zetwal yo te rekonèt li. Li te tèlman mouri jouk tè a te rekonèt li. Li te tèlman mouri jouk eleman yo te rekonèt li, atmosfè yo te rekonèt li. Tout bagay te dwe konnen ke se te Pitit Bondye a! Paske, Pawòl Bondye a pa t ka fayi, Yo te pwomèt Li, depi nan jaden Edenn lan: "Semans lan ki ta pral kraze tèt sèpan an."

69 Kounye a kisa k te rive L? Ki kote L te ale lè Li te kite kwa a epi L te ale nan tonm Jozèf Arimate a?

70 Li te tèlman pòv Li pa t gen yon kote pou L poze tèt Li. Li te fèt nan yon krèch, Li te gen move repitasyon, antan ke "yon pitit ilejitim". Yo te pase L nan rizib, yo te pase L nan betiz, epi yo te meprize L, sou tè a. Yo te pase L nan betiz, epi yo te rejte L. E lè Li te mouri, Li te dwe mouri nan pèn kapital, ant de vòlè. E L pa t menm gen yon kote pou antere L, e Li te antere nan tonm yon lòt moun. Bondye nan Syèl la menm ki te vini sou tè a! Kimoun nou panse nou ye, ki dwe pase nan yon ti kras soufrans? Sa Li te fè pou nou! Panse a sa, zanmi, egzamine sa.

71 Sòlda Women an di: "Vrèman, sa se Pitit Bondye a." Pechè a te dwe rekonèt sa. Jida di: "Mwen trayi San inosan an." Li te dwe rekonèt sa. Tout tè a te rekonèt sa.

72 Alò ki kote L te ale? Lè yon nonm mouri, èske sa fini? Non, mesye. Li te dwe mouri fason sa paske Bib Bondye a te di ke Li t ap mouri fason sa. E Li te fè Pawòl Bondye a konfyans. Se pou

rezon sa Li te ka di, nan lavi L: “Detwi tanp sa, e M ap leve l nan twa jou.”

73 Paske David te di, yon kote, sèlman, nan Bib la, anba enspirasyon, lè David, òm Bondye a, pwofèt ki te wen ak Pawòl la, te di: “Mwen p ap pèmèt Sen M Lan wè kòripsyon, ni Mwen p ap kite nanm Li nan lanfè.”

74 Jezi te di: “Detwi kò sa, e M ap leve l nan twa jou.” Li te konnen ke Pawòl Bondye a pa t ka fayi. O la la!

75 Si Li te ka repoze solanèlman sou sa, nan kwè ke Pawòl Bondye a pa t ka fayi, konbyen plis nou ka repoze solanèlman menm jan ke nou te ne de nouvo pa Sentespri a, e Se yon temwayaj nan kè nou kounye a menm ke nou konnen ke Redanmtè nou an vivan epi L ap tounen ankò yon jou. Rete asire ke sila yo ki nan Kris Bondye pral mennen yo avè L! Kounye a remake.

76 Men Li te la a. Li te konnen ke pa gen yon sèl selil nan kò sa ki t ap kòwonpi. Apre swasanndouzèdtan, koripsyon enstale. Se pou rezon sa Li pa t janm rete twa jou yo. Li te mouri nan vandredi apremidi, Li te leve dimanch maten. Men, se te anndan twa jou yo. Anndan twa jou sa yo Li te gen pou L resisite, paske Li te fè Pawòl Bondye a konfyans.

77 Men Li ale! Ki kote L te kite lè L te pati? Bib la di: “Li te monte. Li t al preche pou nanm yo ki te nan prizon yo, ki pa t repanti pandan pasyans ki t ap pwolonje nan jou Noye yo.” Nanm Li, Lespri Li, teyofani Pwòp èt Li, te desann. Ann swiv Li. Èske nou ta renmen, aswè a, swiv Li pandan kèk minit? Ann wè ki kote Li te ale.

78 Jis anba rejyon èt mòtèl yo se la domèn pouvwa demon an ye; anba sa. . . jis anlè sa se nanm enjis yo ki la; anba sa se domèn Satan an menm ki la, lanfè. Epi jis anlè nou se la Sentespri a ye; epi anba Lotèl la se la nanm moun ki jis yo ye; pwochen an se Bondye Limenm. Youn ap desann, youn ap monte; de lespri yo isi a sou tè a, ap enfliyanse moun ki sou tè sa a.

79 E lè Jezi te mouri, Li te soti, Li te desann laba a. Mwen ka wè L nan vandredi apremidi sa, apre lanmò Li, [Frè Branham frape sou chè a—Editè a.] Li frape nan pòt rejyon moun ki pèdi yo. Ann swiv Li yon minit. Pòt la louvri. Te gen fanm, te gen gason, te gen jèn dam, te gen vye granmoun, yo tout te ansanm nan plas efreyan sa ke yo rele prizon nanm pèdi yo.

80 Si m te gen tan, m ta renmen di nou. E se petèt jis yon vizyon. Men yon fwa mwen te vizite plas sa, e mwen te rele pou mande mizerikòd, lè m te yon pechè ki t ap fè yon operasyon. Lè m te soti, m te kanpe nan Lwès la, ak men m anlè nan direksyon Syèl la, epi yon kwa t ap briye sou mwen.

81 Men nan kote makab sa la a, Jezi te pwoche bò pòt la. Tout bagay te dwe temwaye ke Li te Pitit Bondye a, paske yo te preche

ba yo nan pasyans ki t ap pwolonje jou Noye yo. Li te frape nan pòt la, Li di: "Mwen se Sila ke Enòk te pale de Li a. Mwen se Semans fanm lan, ki te dwe kraze tèt sèpan an. Tout Pawòl Bondye te akonpli; Mwen fèk mouri laba sou Kalvè a, e Mwen rachte Legliz Mwen an. E Sila ke Enòk te pale a, se Li Mwen ye." E yo te san mizeriòd, san espwa, paske yo te peche. Epi pòt la te fèmen nan figi yo.

82 Li te kontinye desann jouk nan rejyon demon yo! Li te kontinye desann jouk nan pòtay lanfè yo menm! Li frape pòt la. [Frè Branham frape sou chè a—Editè a.]

83 Sa se lè Li te nan tonm lan, kò Li, ap tann rezirèksyon an. Li te vizite kote jis yo ak enjis yo ale; kote w prale youn nan jou sa yo, nan youn oswa lòt nan kote yo.

84 Epi Li frape nan pòt lanfè a. [Frè Branham frape sou chè a—Editè a.] E, lè Li te fè sa, dyab la te soti. E m ka jis tande l di: "O, kifè finalman Ou rive. Mwen te panse sèten mwen te genyen W lè m te touye Abèl."

85 Ou wè, lè Semans sa te pwomèt nan jaden Edenn lan, dyab la te eseye san rete detwi Semans sa. E lanmò Abèl, ak vini Sèt la, se te jis yon lanmò, antèman, ak rezirèksyon Kris la. Semans sa dwe kontinye. E li te eseye detwi Li.

86 Li di: "M te panse m te genyen W lè m te detwi Abèl. Mwen te panse mwen te genyen W lè m te detwi pwofèt yo. Mwen te sèten mwen te genyen W lè m te koupe tèt Jan. Men kounye a, apre tou, Ou rive. Mwen genyen W kounye a." O la la!

87 Mwen ka tande L di: "Satan, vin isit!" Se Li ki Bòs kounye a. Li lonje men L, Li sezi kle lanmò ak lanfè ki te pandye bò senti l, Li pandye l sou Pwòp bò pa L. "Mwen vle voye yon avi ofisyèl ba ou. Ou te yon blofè depi ase lontan. Mwen se Pitit Bondye vivan an ki fèt nan yon vyèj. San mwen toujou mouye sou kwa a, epi tout dèt la fin peye! Ou pa gen okenn dwa ankò. Ou depouye. Ban M kle sa yo!" Se vre. Li vire tounen epi Li ba l yon bon kout pye enganm, epi Li frape pòt la byen fò, epi L di: "Rete anndan la! Se Mwen ki Bòs apati de kounye a."

88 Bon, se pa Li te gen kle Wayòm lan, paske Li te bay Pyè yo; nou va wè tout sa demen maten, pandan batèm dlo a. Men li te gen kle lanmò ak lanfè, e Li te pran yo; apre rezirèksyon Li, Li te di: "Mwen gen kle lanmò ak lanfè." Pyè te gen kle Wayòm lan. Satan te gen kle lanmò ak lanfè; men kounye a Jezi genyen yo, se Li ki Bòs.

89 Men Li ki tounen monte. Pak ap rive; tan ap pase vit. Men gen yon lòt gwoup. Kote Jòb ye? Kote Abraham ye? Ki kote yo ye? Kote kanmarad sa yo ki te fè Pawòl Bondye a konfyans? Èske Li te bliye yo? Èske lanmò te detwi yo? Èske se te fini? Jamè, jamè; Bondye dwe kenbe Pawòl Li.

90 Mwen ka wè L. Ann jete yon ti koudèy nan Paradi, epi ann gade laba a. E mwen wè Sarah ak Abraham ap pwomennen la a, epi apre yon moman [Frè Branham frape—Editè a.] gen yon moun k ap frape nan pòt la. Abraham ale epi louvri pòt la, li di: "Cheri, vin isi a. Gade isi a! Gade isi a, se menm Sila a menm ki te kanpe avè m anba bwadchenn lan jou sa." Li se Bondye Abraham.

91 Jis lè sa mwen ka wè Danyèl gade sou zepòl li, epi l di: "Sa se Wòch ki te detache soti sou montay la, jis osi sèten ke m kanpe isi a."

92 Mwen wè Jòb leve, li di: "Sa se Redanmtè m lan ke m te di m te konnen ki te vivan, epi yon jou Li t ap kanpe sou tè a. Kò m ka sèlman ke yon ti kiyè sann, men nan kenz minit mwen pral ladan l ankò. Sa se Li."

93 Ezekyèl gade sou anwo, epi li di: "Mwen te wè menm Moun sa tankou yon Wou nan mitan Wou a, k ap vire, byen wo nan mitan lè a." O la la!

94 Apre sa Enòk pwoche. Enòk di: "M te wè L ap vini ak di milye sen L yo, pou egzekite jijman an."

95 Te gen sen Ansyen Testaman yo ki t ap tann, sèten yo t ap fè l, anba ekspyasyon san an. Yo pat ka ale nan Prezans Bondye, Bondye nan Syèl la, paske san kabrit ak san mouton pa t ka efase peche.

96 Men Li di: "Frè M yo, Mwen se Sila ke nou panse Mwen ye a. Mwen se Semans fanm lan. Mwen se Fis de David la. Mwen se Fis de Dye a. Mwen se Sila ki fèt nan yon vyèj. San M te fè ekspyasyon pou sa. Nou te tann anba san mouton ak kabrit yo, men kounye a San M fè ekspyasyon, e nou lib. Ann monte, Pak prèske rive." Jis panse, sa te jis apeprè milnèf san e kèk lane de sa, aswè a.

97 Mwen ka tande Abraham di: "Seyè, lè nou monte nan kò nou ankò; e Sarah avè m te te jis renmen sa tèlman anpil; èske sa deranje W si nou fè yon jan de ti kanpe parèt brèf, sou wout Ou a?"

98 Ebyen, mwen ka tande L di: "Enben, non, sètènman pa. Mwen pral rete avèk disip Mwen yo pandan apeprè karant jou. Gade toutotou epi wè kijan tout bagay parèt!"

99 Nan maten Pak glorye sa a (kote nou pral pran l nan demen maten, si Seyè a vle) lè Li te resisite sot pami mò yo, Bib la di, dapre Sen Matye 27, ke "Anpil nan sen yo ki te dòmi nan pousyè tè a, te resisite epi soti nan tonm yo." Kimoun sa te ye? Abraham, Izarak, Jakòb, Jòb, moun ki atravè revelasyon espirityèl revele te konnen ke Redanmtè a gen pou l kanpe sou tè a yon jou. Se yo menm, premye fwi sa yo ki te dòmi yo. Se la yo te mache nan vil la. Mwen ka wè Sarah ak Abraham, jèn, epi plen ak . . . epi bèl, e—e plen ak lavi, pou yo pa janm vye granmoun ankò, pou

yo pa janm malad ankò, pou yo pa janm grangou ankò, yo t ap pwomennen nan kò yo.

100 Kayif te kanpe la, ap di: "Ou konn kisa? Te gen yon bagay ki te rive lòt jou a, jis gade nan ki dezòd sa a tanp sa ye! Gen. . . Nou pral oblije jwenn yon moun pou rekoud rido sa. Gade sa yo, bwat sakrifis sa ki chavire. Kisa k te pase? Èske Nèg sa se te yon astwològ? Èske Li te yon sòsye? Oswa, kisa k te pase? Di m non! Vin isi a, Jozèf, kilès jèn koup sa ki kanpe la?"

Abraham di: "Sara, yo rekonèt nou. Pito nou soti."

101 "Yo te parèt devan anpil moun!" Se pa t tout li sa. Pou fini, remake. Yon jou apre Li te fin. . .yo te gen vizit; Abraham, Izarak, Jakòb, ak yo tout te vizite patri a. Lè Jezi te monte. . .

102 Ou di: "Frè Branham, èske sa se mitik?" Non, mesye! M ap montre w nan Lèzekriti, nan yon minit.

103 Lè Li te kòmanse monte, yo te sèlman wè L, men sen Ansyen Testaman yo te ale avè L, paske Bib la di ke "Li te mennen kaptif yo avè L, e Li te bay lèzòm don." E m ka wè L pandan L ap monte, epi al jwenn legliz Li.

104 De Zanj nan òkès la ki t ap jwe mizik la, te retounen la, epi yo te di: "Nou menm mesye Galile yo, poukisa nou kanpe ap gade anlè? Paske menm Jezi sa, ki te anlve a, ap vini ankò." Sètènman! Yo te prese tounen pou yo rantre al jwenn pwosesyon an.

105 Epi Jezi ak sen Ansyen Testaman yo te travèse syèl la. Yo te depase lalin lan, yo te depase solèy la, yo te depase zetwal yo. E lè yo te vin wè gran, bèl Syèl blan sa a, sen Ansyen Testaman yo te rele, ap site Lekriti: "Leve, o pòtay etènèl, leve lento nou yo! Leve, o pòtay etènèl, leve lento nou yo! Epi kite Wa de Glwa a antre!"

106 Tout Zanj yo te rasanble sou tèt ranp Syèl la, epi yo di: "Kilès ki Wa de Glwa sa a?"

107 Sen Ansyen Testaman yo te di: "Seyè dè zame, pwisan nan batay! Li te yon Konkeran!"

108 Zanj lan te peze gwo bouton an, epi pòtay pèl yo te louvri.

109 Drèt atravè Vil Jerizalèm lan gran Konkeran Pwisan an te vini, ap mennen sen Ansyen Testaman yo. Òkès Angelik yo t ap jwe, pandan Zanj yo t ap rele. Li te Konkeran Pwisan an! Li te gen kle lanmò ak lanfè pandye sou kote Li, Li te kontinye tou dwat, depase palè Glwa yo, jiskaske li rive nan Twòn nan. Epi Li di: "Papa, men yo. Yo te kwè, ak lafwa nan Pawòl Ou, ke M ta pral vini yon jou. Mwen konkeri alafwa lanmò ak lanfè." Kisa sa te ye, frè? Li te gen mak yo nan men L, pou montre ke Li te nan batay la. Glwa pou Bondye anwo nan Syèl la! Se Li Konkeran Pwisan sa! "Men yo, Papa; Abraham, Izarak, ak Jakòb."

110 Mwen ka tande L di: "Pitit gason M, monte isi a bò kote M, epi chita jouktan Mwen fè chak lènmi tounen yon ban pou lonje pye Ou." Frè, yon jou Li pral vini ankò, e ala yon jou sa pral ye!

111 Li pa t ret san L pa fè anyen lè Li te nan tonm lan. Nou panse Li te jis lonje la, mouri. Men Li te anba a toujou ap konkeri, Li te desann epi L te retire kle yo nan men Satan, Li gen toude kle lanmò ak lanfè, aswè a. Li di: "Paske Mwen viv, nou ka viv, tou."

112 M mande m aswè a, chè frè m, sè, èske ou te reflechi sou sa ak senserite? Èske ou reyalize ke w ap viv sèlman paske L ap viv? Èske w te apresye sa ase pou w ofri tèt ou, epi di: "Bondye, men mwen, yon pechè, gen pitye pou mwen"? Èske w te janm aksepte Sakrifis ki sifi nèt sa a? Èske w te janm di L ou te renmen L? Èske sa blese santiman w lè w fè sa ki mal? Si w pa t janm rive nan eksperyans sa kounye a, nan mete nan tonm sa a! La, tan nou an ap pase. Mwen jis santi m byen! Men, m ap mande m, si w pa t janm resevwa Kris kòm Sovè pèsonèl ou, mwen mande m si nou ta fè l pandan nou bese tèt nou jis yon moman nan yon mo priyè.

113 Jwe sa, *Alòske Wòch Yo Te Fann*, si w vle, Sè Gertie, si w genyen l. Dakò, nenpòt bagay ap bon.

114 Avèk tèt nou bese, mwen pral poze nou yon kesyon vrèman sensè. Sonje zanmi, pechè oswa sen, ou pa soti nan egzistans lè nou antere w. Nanm ou yon kote. Kounye a, Jezi te vizite toulède kote yo, dapre Lèzekriti yo. Ki kote L t ap jwenn ou si w ta ale aswè a? Èske w t ap gen pòt mizèrikòd la fèmen nan figi w, paske w te rejte sa? Sonje, non sèlman Li se yon Sovè, Li se yon Jij. Se ou ki jij la kounye a, ki jan ou jije L? Kite Li vin Sovè w kounye a.

115 Yon ti istwa pase nan lespri m. Kèk tan de sa yon ti gason te chita nan yon—yon charyo. Yo te tire yon bal pi lwen nan lari a, chwal yo te kouri ale, yo t ap dirije yo nan direksyon yon falèz. Yon jenn kòbòy te kouri epi l te rete chwal yo jis anvan charyo a te pase tonbe nan falèz la, paske li te gen yon ti bebe ladan l. Li te sove lavi ti pitit la.

116 Anpil ane apre sa, li te kanpe nan palè jistis la. Menm ti gason sa a te fè yon krim, li te pran wout ki mal la, li te koupab. Li t ap bwè, jwe aza, li te tire yon nonm; e l te koupab, yo te jwenn li koupab. Epi jij la te leve kanpe epi l te di: "Mwen kondane w pou yo pann ou nan kou w jouk lavi mòtèl ou a fini."

117 Jèn gason sa di: "Jij!" Epi li te kraze dewoulman pwosè a, antan l te sote anlè baryè a epi l te tonbe nan pye jij la, pou mande mizerikòd. Li di: "Jij, gade figi m! Èske ou pa rekonèt mwen?"

Li di: "Non, pitit gason m, mwen pa rekonèt ou."

118 Li di: "Ou sonje vi yon sèten ti gason ke ou te sove, anpil ane de sa, anba yon chwal ki te sove pati?"

Li di: "Wi, mwen sonje sa."

119 Li di: "Mwen se ti gason sa." Li di: "Jij, ou te sove m lè sa. Sove m kounye a!"

120 Jij la te bese je gade l, epi l di: "Pitit gason m, jou sa mwen te sovè w. Jodi a mwen se jij ou."

121 Jodi a Li se Sovè w, pechè, demen Li ka Jij ou. Ann reflechi sou sa kounye a, pandan mizik la ap jwe. E tout moun k ap priye, sa yo ki sou teren lapriyè ak Bondye.

122 Mwen mande m aswè a kounye a, byen vit, sa yo ki ta renmen aksepte Kris kòm Sovè pèsonèl, di: "Bondye, gen pitye pou mwen, yon pechè. Mwen vle vini ak San ki vèse a. Mwen fatige ak fè m manm nan legliz yo epi kouri soti yon kote al nan yon lòt. Mwen vle ne de nouvo. Mwen vle yon eksperyans nan kè m ke mwen konnen ke Kris te revele Tèt Li ban mwen, pa revelasyon espirityèl ke w sot pale a, Frè Branham. Mwen vle revelasyon espirityèl la, Sentespri a nan kè m, k ap fè m vivan, k ap fè Kris pi reyèl pou mwen ke mwen ye pou tèt mwen. Mwen anvi eksperyans sa, Frè Branham. Èske w vle priye pou mwen antan m ap leve men m?" Èske w vle leve men w kounye a, sila ki anvi yo sonje l. Bondye beni w, madam. Bondye beni w dèyè a la, madam. Sa bon. Bondye beni w, mesye. Sa bon. Leve men nou, kounye a kontinye leve men nou.

123 Kijan w t ap fè wont? Èske w te ka rejte yon bagay tankou Sa, zanmi? Sonje.

124 "O," ou di, "Frè Branham, predikatè yo preche pandan plizyè lane." Mwen konnen, men youn nan jou sa yo yo pral sispann preche. E fason bagay yo parèt, li ka touswit. Ou pral tande dènye sèmon w lan. Franchman, sa ka dènye w la.

125 "O," ou di: "Mwen jèn." Sa pa enpòtan. Lanmò pa gen respè pou moun, oswa laj oswa kapasite.

126 Èske w vle aksepte Li kounye a kòm Sovè pèsonèl, nan leve men w, nan di: "Bondye, gen pitye pou mwen"? Leve men w ak rès sa yo, epi di: "Kounye a mwen vle aksepte Kris." Èske w vle leve men w?

127 Yon moun ki retwograde, di: "Bondye, gen pitye pou mwen. Mwen vle retounen jwenn Kris aswè a, pou demen ka yon rezirèksyon, nouvo, pou mwen." Èske w ta vle leve men w? Leve men w, di: "Gen pitye pou mwen. Mwen vle vini kounye a." Èske w ap fè l? Leve men w, di: "Mwen te yon retwograd, men aswè a . . ." Bondye beni w, madam. Bondye beni w. Sa bon. "Mwen pral aksepte Kris kòm Sovè pèsonèl mwen. Mwen pral aksepte L aswè a. M te mache tankou epav, pandan plizyè lane lwen Bondye, men kounye a m ap rantre lakay." Èske w ap aksepte L aswè a, pou sa ka yon nouvo rezirèksyon pou ou, ke ansyen vi w la ka fini?

128 Dam sa ap monte vin sou lotèl la, pou fè konfesyon li, pou kanpe. Yon lòt moun vle pran plas yo isi a, monte vin isi a avè l, sou konfesyon yo? Èske w ta vle leve kanpe, epi monte vin sou lotèl la, tou? Lotèl la louvri. Sètènman. Kontinye monte dwat, kounye a menm. Si w vle kanpe isi a epi priye, sa ap jis kòrèk. Vini non. Èske w vle vini? Sou konfesyon lafwa w, sou kwayans ou nan Pitit Bondye a, èske w vle vini kounye a? Dakò.

129 Sa depann de ou, sonje. Ou se sila a. Èske w se yon pechè? Èske w se yon retwograd? Èske w frèt epi w lwen Kris? E ou vle resisite ankò avè L kounye a, kòmanse yon nouvo lavi? E nou menm, mari ak madanm ki te an—te an dezakò depi lontan, nan diskisyon lakay nou? Èske nou pa vle vini epi regle bagay sa avèk Bondye epi youn ak lòt kounye a? Fè Pak vrèman yon Pak pou nou, kòmanse yon nouvo fwaye.

130 E ou menm ki pa janm te, pa t janm gen priyè lakay ou, ou jis kite legliz rantre lakay ou epi eseye viv pi byen ke ou kapab, ou pa janm reyini fanmi an epi priye? Se poutèt sa nou gen delenkans kay jenn yo ak bagay nou genyen yo. Se poutèt sa fwaye Ameriken yo kraze. Ou pa vle vini, rekòmanse ankò aswè a? Èske w vle fè l? Ou envite. Sonje, mwen se minis ou kounye a; m ap yon temwen nan jou sa.

Pandan nou gen tèt nou bese, alò, kounye a pou lapriyè.

131 Papa Beni nou ki nan Syèl la, aswè a nou pote oditwa sa ba Ou, nan solanite sakre ki pi solanèl ke nou konnen. Nou apwoche Twòn Ou avèk imilite. E apre Mesaj la aswè a, ke, gwo mete nan tonm sa a, Li pa t janm rete an silans, nanm Li te ale drèt nan rejyon yo epi te fini zèv Bondye a, ke Li te òdone pou fè. E demen maten, nou jwenn kote Li te pase atravè domèn anwo yo, ap konkeri tout bagay, nan rezirèksyon Li. Men Li te soti nan jou maten Pak pou jistifikasyon nou. E nou jwenn ke Li te voye Sentespri a tounen, pou konvenk lèzòm sou peche.

132 E nou priye aswè a, Seyè, ke sila yo ki te leve men yo ka sonje devan Ou. Ke desizyon yo soti nan kè yo aswè a, ke yo te resevwa W, epi kwè Ou, e ke yo sele mete apa ak So pwomès la aswè a, Sentespri a. Akòde l, Papa. Paske, nou remèt yo ba Ou, ak Mesaj sa aswè a. Ke Li beni sa yo ki te tande L, sa yo, Seyè, ki pral pote L avèk yo lakay yo, epi fè L antre byen fon nan kè yo. Ke yo viv sou Pawòl Bondye a. Akòde l, Papa, paske nou mande l nan Non Kris. Amèn.

57-0420 Mete Nan Tonm Lan
Branham Tabènak
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org